



KONNEN DWA OU LÈ W AN DETANSYON/PRIZON POLIS LA

Tout moun Ozetazini, ki enkli imigran ki san papye, gen dwa Konstitisyonèl ak pwoteksyon. Ni imigrasyon ni lapolis pap sipoze ou vle egzèse dwa ou yo. Se ou ki responsab fè yo konnen sa lè ou montre yo yon kat “Know Your Rights” oswa lè ou di ofisyè a ou ap egzèse dwa ou yo.

Si ou nan gadavi lapolis oswa nan prizon ak fòs delwa lokal oswa leta (pa imigrasyon), ou gen dwa ki pwoteje ou.

Arete, akizasyon, ak kondanasyon ka afekte sitiyasyon imigrasyon ou.

Si w riske ekspilsyon, ou ta dwe evite kontak ak lapolis. Sepandan, si ou gen kontak ak lapolis, li enpòtan pou egzèse dwa ou yo ak pale avèk yon avoka. Si yo akize ou pou yon krim, avoka defans kriminèl ou dwe konseye ou sou si akizasyon ou yo oswa nenpòt òf pledwaye gen risk pou ekspilsyon. Li enpòtan pou avoka kriminèl ou konsilte ak yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans nan kesyon kriminèl-imigrasyon epi eksplike risk yo ba ou.

Ou gen dwa pou fè yon apèl telefòn.

Mande opòtinite pou rele yon manm fanmi oswa yon zanmi ou fè konfyans pou fè yo konnen ou te arete ak jwenn yon avoka pou reprezante ou.

Ou gen dwa pou pale avèk yon avoka.

Si ou gen yon avoka kriminèl, ou dwe mande pou rele moun sa a. Si ou pa gen yon avoka kriminèl epi ou pa kapab peye yon avoka, ou dwe mande yon avoka. Gouvènman an dwe deziye yon avoka kriminèl gratis. Gouvènman an pap peye pou yon avoka imigrasyon, men ou gen dwa pou anboche youn.

Ou gen dwa pou rete an silans.

Lè yo arete oswa detni ou pa lapolis, sa pa vle di ou dwe reponn kesyon. Ou pa ta dwe diskite enfòmasyon

imigrasyon ou avèk pèsonn lòt pase avoka ou. Sa enkli kote ou fèt, kijan ak kilè ou te vini Ozetazini, ak nenpòt dosye kriminèl.

- Bay idantifikasyon ou a sèlman lè lalwa mande w fè sa.*
- Pa di ofisyè a peyi nasyonalite ou.
- Pa reponn kesyon.
- Pa siyen dokiman.
- Pa pote fo dokiman.
- Pa andikape fizikman rechèch la.

Ou ta dwe pale ak avoka ou sou sitiyasyon imigrasyon ou ak dosye kriminèl.

Avoka ou bezwen enfòmasyon sa a pou kapab asire li ba ou bon konsèy.

Ou gen dwa pou refize siyen dokiman.

Pa siyen anyen san ou pale ak yon avoka. Si yo mande w siyen yon bagay, di, “Mwen pap siyen anyen jiskaske mwen pale avèk avoka mwen.” Poze kesyon si ou pa konprann sa yo mande ou siyen.

*Pale ak yon avoka lokal sou si ak kilè ou dwe prezante idantifikasyon. Pa egzanp, nan pifò eta, ou dwe montre yon lisans kondwi si ou genyen yon sèl epi ou entèsepte; ou dwe montre idantifikasyon imigrasyon ou bay yon ofisyè imigrasyon ki mande li si ou gen estati legal e ou pa yon sitwayen ameriken.